



Rele Sant Kontwòl Anpwazònman (Poison Control Center) an pou asistans.

Rele si w gen kesyon sou kouman pou pran medikaman san danje




Mete linèt ou lè w ap pran medikaman

Kenbe yon lis de tout medikaman w ap pran yo



- Sant Kontwòl Anpwazònman an disponib 24è sou 24, 7 jou pa semenn.
- Famasyen ak enfimyè ki sètifye nan enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis e konfidansyèl.
- Nou ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou yo ba w bwochi gratis, otokolan pou mete sou telefòn ak leman.

Lè l sèvi avèk Smartphone ou telechaje yon QR Reader aplikasyon gratis yo resevwa plis enfòmasyon.



Mete Anons sa sou kontak ou.  
**POISON Heep**  
 1-800-222-1222  
 212.POISONS  
 (212.764.7667)


Ale sou sit entènèt nou an nan [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health)



Bellevue

MS-HAT-A (8/16)

# Ou ka pran medikaman san danje



## Sant Kontwòl Anpwazònman nan Vil Nouyòk

(Haitian Creole)

## Ki kalite medikaman ki genyen?

- Gen de (2) kalite medikaman: sa ki sou preskripsyon ak sa ki san preskripsyon.

## Kisa yon medikaman sou preskripsyon ye?

Ozetazini, medikaman sa yo se medikaman ke sèten pwofesyonèl medikal lisansye preskri:

- Doktè
- Enfimyè espesyalize
- Asistan medsen
- Dantis

## Kisa medikaman san preskripsyon ye?

Gen medikaman ou ka achte san yon preskripsyon, nan makèt ak nan famasi.

## Èske ou ka bay egzanj medikaman san preskripsyon?

- Acetaminophen
- Ibuprofen
- Konprime pou lagrip
- Siwo pou tous
- Medikaman pou twoub nan lestomak
- Remèd fèy, vitamin, mineral
- Krèm ak losyon pou po
- Gout pou zye

## Kisa efè segondè vle di?

- Efè segondè se reyaksyon ki ka rive lè w pran sèten medikaman.
- Pami efè segondè yo, ka genyen:
  - Maltèt
  - Anvi dòmi
  - Kè plen
- Efè segondè yo ka modere oswa grav
- Toujou fè doktè w la konnen si ou gen efè segondè ki grav, tankou:
  - Lagratèl
  - Lafyèw
  - Difikilte pou respire
  - Frekans kadyak rapid

## Kisa enteraksyon ak lot medikaman ye?

- Enteraksyon ak lot medikaman prezante lè de oswa plis medikaman konbine nan kò w.
- Konbinezon sa a ka chanje fason medikaman an mache.
- Gen melanj danjere ki ka fèt lè ou konbine medikaman.

## Kisa mwen ka fè pou m pran medikaman mwen san danje?

- Kenbe yon lis de tout medikaman w ap pran yo (medikaman sou preskripsyon ak

sa ki san preskripsyon, menm remèd fèy ak vitamin).

- Pale avèk doktè a, famasyen an ak enfimyè a sou alèji ou fè ak manje e ak medikaman.
- Aprann konnen non mak ak non jenerik medikaman w lan.
- Aprann konnen objektif medikaman w lan, efè segondè l yo ak enstriksyon sou kouman pou pran l.
- Asire w ke ou ka wè etikèt ki sou medikaman w lan klèman epi pran kantite yo mande w pran an sèlman.
- Itilize yon lis ki gen tout medikaman w yo, yon rejis, yon bwat pou mete komprime oswa yon kalandriye pou ede w kenbe kontwòl sou medikaman w yo.
- Tcheke dat ekspirasyon an epi mande Sant Kontwòl Anpwazònman (Poison Control Center) an kouman pou w jete medikaman ki la lontan yo.
- Rele Sant Kontwòl Anpwazònman an nenpòt ki lè si w gen kesyon.

**Sant Kontwòl  
Anpwazònman  
nan Vil Nouyòk**

**Rele nan 1-800-222-1222  
oswa 212-POISONS  
24è sou 24, 7 jou pa semenn**

